

RINOTU-
NGAMIRIRA
CHIRONGWA
CHEBAZI DIKI

B H U K U

Zvirimukati

Chisumo kuChirongwa cheBazi Diki	2
Zvidikanwi Zvishanu zveChirongwa cheBazi Diki	3
1. Hurongwa	3
2. Nzvimbo Dzekusanganira	4
3. Zvidzidzo	5
4. Kudzidzisa	6
5. Marekodzi neMaripotsi	6
Misimboti neYambiro	7
Zvirongwa zveMusangano weSvondo	8

Parinoshandiswa

Bhuku Rinotungamirira Chirongwa cheBazi Diki rinopa mirairo yevatungamiri vehupirisita mukuronga mapazi madiki apo panenge Chechi iri muzvinhanho zvayo zvekutanga, apo panenge nhengo dzakapararira kana kuti padziri shoma muhuwandu, apo panenge hutungamiri huchangotanga kukudziridzwa, kana apo panenge nhengo dzine zvidikanwi zverurimi kana zvimwe zvidikanwi. Kunyange mamiriro aya achiwanzowanikwa kazhinji muushumiri, Chirongwa cheBazi Diki chingango shandiswawo muhoko dzine mamiriro akafanana naiwayo, zvichiitwa nemvumo yeVatungamiri veDunhu.

Rakashambadzwa ne
Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira
Salt Lake City, Utah

© 2002 neIntellectual Reserve, Inc.
Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino
Chakadhindwa muUnited States yeAmerica

Mvumo yemuChirungu: 2/02
Mvumo yeDudziro: 2/02
Dudziro yeBasic Unit Program Guidebook
Shona
36717 731

Chisumo kuChirongwa cheBazi Diki

“Tinotenda muhurongwa humwechetehwo hwakanga huripo muChechi yeKutanga” (Misimbotti yeChitendero 1:6).

Munguva yehushumiri Hwake hwepanyika, Ishe Jesu Kristu akamisa Chechi Yake pakati pevatendi nenzira iri nyore. Akaita kuti Vaapositori Vake varonge zvikwata zvidiki zvenhengo vaine mutungamiri mukuru wehupirisita wekuti aparidze kwavari.

Nhengo dzeChechi yekutanga dzakakwanisa kukura nekubudirira muvhangeri nokuti Kristu neVaapositori Vake:

1. Vakaramba vakananga pakudzidzisa misimbotti nedzidziso dzevhangeri.
2. Vakakurudzira nhengo kugashira zvisungo uye kuita nekuchengeta zvibvumirano zvinoenderana nazvo.
3. Vakadzidzisa nhengo kutarirana pazvidikanwi zvemweya nezvenyama.
4. Vakachengeta hurongwa huri nyore.

Misimbotti mimwecheteyo yemarongerero nematungamiriro yakashandiswa nevatungamiriro veChechi muBhuku raMormoni. “Uye ndiko kuenda kwakaita Aruma naAmureki, nevamwe vazhinji vakanga vasarudzwa kuti vaite basa iri, kuparidza shoko kunyika yose. Uye kumiswa kwechechi chakave chinhu chakati tekeshe munyika yose” (Aruma 16:15).

Misimbotti mimwecheteyo yaishandiswawo mumakore ekutanga ekudzorerwa kweChechi. Nhengo dzeChechi nhasi dzinobatsirika zvakanyanya

kunaka nekutevera misimbotti mimwecheteyo iyi yemarongerero nematungamiriro.

Sekubvumirwa kunoitwa neVatungamiriro veDunhu, Chirongwa cheBazi Diki chingangoshandiswa kumisa nekuronga Chechi mumatunhu enyika anenge:

1. Chechi iri muzvinhanho zvekutanga.
2. Nhengo dzakapararira.
3. Huwandu hwenhengo huri hudiki uye hutungamiriro huchangotanga kukudziridzwa.
4. Mawadhi nehoko zvisati zvarongwa.
5. Nhengo dziine zvidikanwi zverurimi kana zvimwewo zvidikanwi.

Nemvumo yeVatungamiriro veDunhu, Chirongwa cheBazi Diki chinokwanisawo kushandiswa muhoko dzine mamiriro akadaro.

Apo Chechi painomiswa pasi pemamiriro akadai, nhengo dzinorongwa muzvikwata zvidiki zvinodaizwa kunzi mapazi.

Nhungamiriro dzeChirongwa cheBazi Diki dzakapahwa muchinyorwa chino uye *muBhuku Rinotungamiriro Mhuri* (chinyorwa 31180), *muBhuku Rinotungamiriro Bazi* (31179), *muBhuku Rinotungamiriro Vatungamiriro veHupirisita neMapato* (31178), *muBhuku Rinotungamiriro Kudzidzisa* (34595). Apo panenge mapazi madiki arongwa kuitwa hoko nemawadhi, anofanira kushandisa *Bhuku reChechi reMirairo* (35205 ne 35209).

Zvikamu Zvishanu zveChirongwa cheBazi Diki

“Uye zvino, tarisai, ndinoti kwauri uchaenda . . . uye wonoparidza vhangeri rangu kwavari; uye sokugashira kwavanenge vachiita kudzidzisa kwako uchaita kuti chechi yangu imiswe pakati pavo” (Dzidziso neZvibvumirano 28:8; onawo 33:5–6).

1. Hurongwa

Mhuri



Mhuri ndicho chikamu chinokoshesesa cheChechi. Munowana mirairo irimaererano nemhuri nekurarama vhangeri mumba *muBhuku Rinotungamirira Mhuri*.

Bazi



Panenge paine mhuri mbiri kana kupfuura mudunhu, uye mumwechete wenhengo ari mupirisita akakodzera muHupirisita hwaAroni kana kuti ari ane Hupirisita

hwaMerkizedeki akakodzera, bazi rinokwanisa kurongwa. Bazi racho ringangotanga nemutungamiri webazi chete, uyo anotaririra nhengo nekusanyira dzimba dzavo nekuvakurudzira mumabasa avo. Mumamiriro aya, bazi rinoita chete musangano wesakaramendi nenguva yedzidziso yevhangeri, vachishandisa magwaro matsvene uye bhuku *reMisimboti yeVhangeri* (31110) kana bhuku *reHwaro hweVhangeri* (31129). Ona Chirongwa A papeji 8.

Apo panenge bazi richikura muhunhengo nemuhutungamiri huripo, chikwata chemagosa chinofanira kurongwa. Mutungamiri webazi angangozoshandisa vamwe vane hupirisita kuti vabatsire kutaririra nhengo kuburikidza nekudzidzisa kwekumba. Panguva yedzidziso yevhangeri yeSvondo, musangano wehupirisita unofanira kuitwa, pamwechete nemusangano wemadzimai, vasikana vechidiki, newevana vese vari pamwechete. Ona Chirongwa A papeji 8.

Apo hunhengo nehutungamiri pazvinoramba zvichiwedzera, uye panenge nzvimbo dzekusanganira dziripo, zvikwata zveHupirisita hwaAroni nemapato eChita cheRubatsiro, Vana Vadiki, Vasikana Vechidiki, neChikoro cheSvondo zvingangokwanisa kurongwa. Makirasi edzidziso yevhangeri yeSvondo anoitwa sekuratidzwa kwazvakaitwa paZvirongwa B ne C papeji 8.



Misangano yebazi inoitirwa mumba, muchivako chekurenda, kana muchivako cheChechi.

Muchidimbu, chirongwa ichi chinotanga nemunhu mumwechete kana mhuri. Zvino bazi rozorongwa. Zvino apo panenge simba rehupirisita richiwedzera uye hunhengo huchikura, zvikwata zvehupirisita uye mapato angangokwanisa kurongwa.

Unokwanisa kuwana mirairo izere yekumisa, kuronga, nekutungamira bazi *muBhuku Rinotungamirira Bazi* uye *muBhuku Rinotungamirira Vatungamiri veHupirisita neMapato*.

2. Nzvimbo dzeKusanganira

Nguva dzemhuri manheru kumba, idzo dzakatsanangurwa *muBhuku Rinotungamirira Mhuri*, dzinoitirwa mudzimba dzenhengo.

Misangano yebazi inoitirwa mumba, muchivako chekurenda, kana chivako cheChechi. Mutungamiri wehushumiri anokwanisa kupa ruzivo pamusoro pekuwana nekuchengeta nzvimbo yekusanganira yebazi, sekutsanangurwa kwazvakaitwa *muBhuku Rinotungamirira Bazi*.

3. Zvidzidzo

Chechi inoshambadza zvishandiso nezvinyorwa zvezvidzidzo zvokudzidzisa vhangeri raJesu Kristu mumba kana muzvikamu zveChechi. Zvishandiso nezvinyorwa izvi zvakamisirwa pamagwaro matsvene nedzidziso dzemaporofita amazuva ekupedzisira. Zvinobatsira nhengo kudzidza nekurarama vhangeri. Zvinotungamirirawo nhengo mukudzidza kwavo kwemagwaro matsvene nemazwi evaapositori nemaporofita vemazuva ekupedzisira.

Zvishandiso nezvinyorwa zvekutanga zvinoitwa kuti zviwanikwe mururimi zvinoti bhuku *reMisimboti yeVhangeri* (kana bhuku *reHwaro hweVhangeri*) uye *Mashoko eVatungamiri Vekutanga* uye *Mashoko eDzidziso dzeKushanyirana*. Apo Chechi painoramba ichikura, magwaro matsvene, zvimwe zvishandiso nezvinyorwa zvezvidzidzo, nemamagazini eChechi zvinoitwa kuti zviwanikwe.

Kana bazi rakura kusvikapekuti
makirasi ehupirisita nemapato
avakuitwa, zvibatsiro zvezvidzidzo

zvinotevera zvingangoshandiswa apo
pazvinenge zvavakuwanika:

Hupirisita hwaMerkizedeki neHupirisita hwaAroni	<i>Mabasa neMaropafadzo eHupirisita, Chikamu A Mabasa neMaropafadzo eHupirisita, Chikamu B</i>
Chita cheRubatsiro neBato reVasikana Vechidiki	<i>Mudzimai weMazuva Ekupedzisira, Chikamu A Mudzimai weMazuva Ekupedzisira, Chikamu B</i>
Bato reVana Vadiki (Puraimari)	<i>Vana Vadiki (Puraimari) 3: Sarudza Chakanaka B Vana Vadiki (Puraimari) 4: Bhuku raMormoni</i>
Chikoro cheSvondo	<i>Misimboti yeVhangeri (kana Hwaro hweVhangeri)</i>
<i>Magwaro matsvene, Bhuku Rinotungamirira Mhuri, Bhuku Rinotungamirira Vatungamiri veHupirisita neveMapato, Bhuku Rinotungamirira Kudzidzisa, Mashoko eVatungamiri Vekutanga, Mashoko eDzidziso dzeKushanyirana, uye Nziyo neDzimbo dzeVana Vadiki zvingangokwanisa kushandiswa kuwedzera kune zvishandiso nezvinyorwa zvezvidzidzo zvakanorwa pamu- soro sekudikanwa kwazvinoitwa.</i>	

Gore rezvidzidzo rinotanga pasi rose
musi wa1 Ndira. Zvishandiso nezvi-
nyorwa zvezvidzidzo zvakanodzera
nemirairo zvinopihwa kana bazi raro-
ngwa uye gore rega rega kubva ipapo
zvichienda mberi.

4. Kudzidzisa

Dzidziso yevhangeri mumba ne-
mumisangano yeChechi yakakosha
pakukura pamweya uye pakusimbisa
uchapupu hwemunhu pachake. Nhe-
ngo dzese dzeChechi vadzidzisi, kana
sevabereki, vatungamiri, vadzidzisi
vemukirasi, kana vadzidzisi vekumba
kana vadzidzisi vekushanyirana.

Mumba munofanira kuva nzvi-
mbo huru inodzidzisirwa vhangeri.
Mumba munotsigirwa nekudzidzisa
nekudzidza kunotorwa nzvimbo mumi-
sangano yeChechi.

Ishe vakati: “Uye ndinopa kwamuri
murairo kuti mudzidzisan dzidziso
dzeumambo. Dzidzisi imi nesimba
uye nyasha dzangu dzichave nemi,
kuti mugorairwa zvakanodzera
zvakanwana muruzivo, mucho-
kwadi, mudzidziso, mumutemo
wevhangeri rangu, muzvinhu
zvose zviri maererano neumambo
hwaMwari, izvo zvinofanirwa kuti
munzwisise” (D&Z 88:77–78).

MuBhuku Rinotungamirira Kudzidzisa
unokwanisa kuwana misimboti
inozokubatsira kudzidzisa vha-
ngeri zvirinyore, zvakanakisisa, uye
zvinobudirira.

5. Marekodzi neMaripotsi

Ishe vakaraira Chechi kuti ichengete
marekodzi. Marudzi mana emareko-
dzi anochengetwa mubazi: marekodzi
ezvemari, marekodzi ehunhengo,

marekodzi enhoroondo, nemaripotsi ekufambira mberi kwenhengo.

Zvishandiso nezvinyorwa zvekuchengeta marekodzi zvinopihwa kana bazi rarongwa. Dzidziso pamusoro pekuchengeta marekodzi uye kunyora nekuisa maripotsi yakapihwa pasi pehutungamiri hwemutungamiri wehushumiri. Avo vanobata

zvinyorwa izvi zvinoyera vanofanira kunyatsochengetedza ruzivo rwe-muchivande rwuri mumarekodzi eChechi.

Munokwanisa kuwana rumwe ruzivo pamusoro pemarekodzi nemaripotsi eChechi *muBhuku Rinotungamirira Bazi.*

Misimboti neYambiro

“Uye muone kuti zvinhu zvose izvi zvaitwa munzira kwayo noruzivo; nokuti hazvibvimirwe kuti munhu amhanye kudarika simba raanaro” (Mosaya 4:27).

Misimboti neyambiro zvinotevera zvakakosha pakuita kuti Chirongwa cheBazi Diki chibudirire.

1. Tsvagai femero yeMweya Mutsvene munezvесе zvamunoita.

Mweya Mutsvene uchatungamira vabereki, vatungamiri vebazi, nevadzidzisi kuti vazive zvekuita uye nemaitirwo acho. Namatirai nhungamiro Yake makazvininipisa uye nokuimbika. Nyatsofungisisai zvakakanaka chinhu, namatai nemwoyo wose pamusoro pezvamunofanira kuita, uye motsvaga simbiso kubva kuMweya Mutsvene pamusoro pezvakanaka. Vachaunza nzwisiso kupfungwa nemwoyo yenyu, vachizarura ruzivo rwezvamunofanira kuita.

“Iva wakazvininipisa, uye Ishe Mwari wako vachakutungamirira neruoko, uye nokukupa mhinduro kuminato yako” (D&Z 112:10).

“Hongu, tarisai, ndichakuudza mpfungwa dzako nemumwoyo mako, neMweya Mutsvene, uyu uchauya

pauri uye uyu uchagara mumwoyo mako. Zvino, tarisai, uyu ndiwo mweya wezvakarurwa” (D&Z 8:2–3).

2. Dzidzisi misimboti nedzidziso zvehangeri zvinokosha. Verengai Mosaya 18:18–30. Onai madzidzisirwo aaitwa misimboti nedzidziso zvinokosha munguva dzaAruma.

3. Nangisai pazvisungo nezvibvimirano. Batsirai nhengo (1) kunzwisisa nekugashira zvisungo zvehupirisita zvinokosha uye (2) kuita nekuchengeta zvibvimirano zvinoenderana nazvo.

4. Misai hupirisita nemabasa ehupirisita kutanga. Itai izvi musati maronga zvirongwa zveChita cheRubatsiro, Vana Vadiki, Vasikana Vechidiki, kana Chikoro cheSvondo. Musakurumidzise kufamba nenguva diki diki. Hutungamiri wehupirisita hunokudziridzwa zvakakanakisa kana zvishandiso zveChechi zviriro zva-kaenzana zvakakanaka nezvidikanwi zvenhengo. Hutungamiri hunorukutiswa kana mapazi akawanza mapato, misangano, nezvirongwa nekukurumidzisa.

Zvirongwa zveMusangano weSvondo

Vatungamiri vehushumiri vanofanira kutaurirana nokubvumirwa kushandiswa kwezvirongwa zvemisangano neVatungamiri veDunhu.

Chirongwa cheMusangano weSvondo — A

Chemapazi anemutungamiri webazi anova ndiye ega ane Hupirisita hwaMerkizedeki kana paanenge ari mupirisita muHupirisita hwaAroni. (Panenge mutungamiri wechikwata chemagosa adaidzwa, mamiriro enguva yedzidziso yevhangeri anoshanduka sezvakadai: vane hupirisita vose vanosangana pamwechete, uye madzimai, vasikana vechidiki, nevana, vose vanosangana pamwechete.)

Musangano wechirairo
Musangano wedzidziso yevhangeri wevakuru, vechidiki, nevana

Chirongwa cheMusangano weSvondo — B

Chemapazi ane huwandu hwenhengo hwakakwana kutanga kuronga zvikwata zvehupirisita nezvimwe zvirongwa zvemapato.

Musangano wechirairo		
Chikoro cheSvondo (vechidiki vemakore 12 nekudarika nevakuru)		Bato reVana Vadiki (Puraimari) (vana vemakore 3–11)
Musangano wehupirisita	Musangano wemadzimai nevasikana vechidiki	

Chirongwa cheMusangano weSvondo — C

Chemapazi ane huwandu hwenhengo hwakakwana kumisa zvizhinji zvacho kana zvese zvikwata zvehupirisita nezvirongwa zvemapato uye apo panenge vatungamiri nenzvimbo dzekusanganira zviripo.

Musangano weChirairo			
Chikoro cheSvondo (vechidiki vemakore 12 nekudarika nevakuru)			Bato reVana Vadiki (Puraimari) (vana vane makore 3–11)
Zviitwa zvekuzarura		Zviitwa zvekuzarura	
Hupirisita hwaMerkizedeki	Hupirisita hwaAroni	Chita cheRubatsiro	
		Bato reVasikana veChidiki	

CHECHI
YAJESU KRISTU
YAVATENDI
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

